

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Sonje
Pou kreye
Avni

Bilten JILAP
Bulletin JILAP

24

Pòtoprens, novanm 2011

Men ki sa n ap jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri Bilten an	3
Plizyè poto mitan kite n	6
Dosye : Jan Klod Divalye	13
Deklarasyon Jilap nan peyi a	32
Jistis ak Lapè toupatou sou tè a	36

Publikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR. Se Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Bilten an.



La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR. La responsabilité du contenu des articles publiés revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix. 5000 copies

Yon ti mo pou louvri *Bilten* an

Nan lane 2011, peyi a te viv anpil evènman k ap make l pou pi devan. Konsa, te genyen eleksyon nan peyi a, yon nouvo Prezidan monte, men, apre kat (4) mwa, yo poko te rive mete sou pye yon Gouvènman. Ansyen prezidan yo, Jan Klod Divalye ak Jan Betran Aristid, antre nan peyi a. Lajistis sanble aji kont youn, lòt la pa enkyete. An menm tan nouvo Prezidan an ap pran anpil desizyon san l pa konsilte yon Gouvènman. Pami moun ki parèt sou sèn nan de plis an plis, nou wè ansyen moun ki te la ak Jan Klod Divalye. Nouvo Prezidan an gen pwojè pou retounen ak lame d Ayiti. Dwe gen sekirite nan peyi a, men ki jan sa dwe fèt ? Pa genyen deba piblik ... tout bagay vanse kòm si se sa k te la anvan ki dwe tounen.

Tout sa poze anpil kesyon pou moun k ap defann dwa moun. Anpil moun ki angaje pou demokrasi nan peyi a santi yo enkyete. Rezon an se enpinite a. Se kòm si peyi a ap vire an won, san vrè kesyon yo pa parèt. Se kòm si n ap repete toutan sa k te la a, san pa gen moun ki chèche pou korije l.

Ane sa a, Jistis ak Lapè te chwazi kòm tèm pou asanble yo « Jilap ap travay pou rekonsilye peyi a nan verite ». Ak tèm sila a nou rekonèt plizyè bagay : dwe genyen rekonsilyasyon. Peyi a pa kab kontinye ap viv ak gwo chay divizyon l ap trennen depi digdantan. Men tou, pou rekonsilyasyon pa tounen enpinite ak kase fèy kouvri sa, nou dwe aprann viv kòm nasyon nan verite ak tèt nou ni ak istwa n. Verite zanmi ak jistis. Nou andwa di rekonsilyasyon toutbon mande pou n fè jistis ak memwa n. Nou dwe sonje ; moun ki koupab yon seri zak nan tan pase yo dwe asepte sa k te fèt yo, epi yo dwe asepte si yo pini yo pou sa.

Sonje, fè memwa, asepte verite ak jistis pa menm ak tire vanjans. Sonje se kreye kondisyon pou rekonsilyasyon ak padon kab fè chimen yo epi pou sosyete a jwenn gerizon. Bilten sa a espesyal. Li pwopoze pou pran epòk Jan Klod Divalye kòm egzanp. Dwe gen verite ki fèt. Jèn nou yo dwe konnen ki sa k te pase nan moman sa a ak ki jan moun yo te viv reyalye sa yo. Men se pa sèl epòk sila a ki mande bon jan refleksyon.

Sonje a, genyen yon lòt reyalye ladan l toujou : nou dwe sonje tout moun ki te kontribye pou peyi n vanse. Egzanp yo dwe kontinye klere n ; angajman

yo a dwe kontinye aji tankou yon fòs pou nou. Nan lane 2011 plizyè poto mitan pati kite n. Nan Bilten sa a nou fè plas pou yo, nou fè omaj pou 4 pèsonaj sa yo ki diferan, men ki yo chak nan fason pa yo te ede pèp Ayisyen ak legliz la vanse. Monseyè Francois Gayot, smm, Monseyè Hubert Constant, omi, te make lavi legliz ak lavi Komisyon an. Jan Klod Baje (Jean Claude Bajoux), te viv epòk Divalye a kòm viktim, men ki toujou te kenbe fòs pou reziste epi pou mennen yon batay sere kont enpinite ak koripsyon. Joseph Augustin (Papi Djo, jan moun te konnen l) te ede pou respè kilti pèp Ayisyen an vanse nan legliz la ak nan sosyete a. Nou dwe sonje yo.

Nan Bilten an toujou n ap jwenn deklarasyon piblik Jilap te fè depi yon lane. Gen kèk lòt nouvèl toujou sou peyi d Ayiti ak sa k pase lòt bò dlo. Bon lekti.

Ekip Bilten an

Editorial

Au cours de cette année 2011, le pays a vécu plusieurs événements qui laisseront des traces demain. Ainsi, il y a eu des élections qui ont permis à un nouveau président d'accéder au pouvoir, mais pour tant de raisons, après 4 mois, il n'y avait toujours pas de gouvernement en place. Deux anciens présidents, Jean Claude Duvalier et Jean Bertrand Aristide, sont rentrés dans le pays. La Justice donne l'impression de vouloir agir contre le premier et laisse le deuxième sans l'inquiéter. Le nouveau Président prend toute une série de mesures apparemment sans consulter personne. Plusieurs personnes qui font apparition autour de lui apparaissent être des anciens collaborateurs de Jean Claude Duvalier. Le Président déclare son intention de rétablir l'armée. Certes, il faut de la sécurité dans le pays, mais comment ? Aucun débat public n'est engagé ... tout fait son chemin comme si nous soyons bien obligés de répéter le passé.

Ces faits posent des questions sérieuses pour nombreux défenseurs des droits humains. Ceux et celles engagés dans la lutte pour l'installation de la démocratie dans le pays se sentent inquiétés. Le motif principal en est l'impunité. Le pays semble tourner en rond sans un vrai débat de fond. On semble condamné à répéter les mêmes erreurs sans personne ne cherche à les corriger.

Cette année, la Commission Justice et Paix s'est choisie comme thème pour ses assemblées : *Jilap travaille pour réconcilier le pays dans la vérité*. Avec ce thème, nous voulons indiquer plusieurs choses : la réconciliation est bien nécessaire. Le pays ne peut continuer à vivre avec le poids de la division qu'il traîne depuis trop longtemps déjà. Mais également la réconciliation ne devrait servir de couverture pour l'impunité. Il faut bien apprendre à vivre comme nation dans la vérité avec nous-mêmes et avec notre histoire. La vérité est proche de la justice. La vraie réconciliation exige d'être juste envers la mémoire parce nous n'avons pas le droit d'oublier : celui qui est coupable des actes répréhensifs dans le passé doit les reconnaître et accepter qu'on lui inflige une sanction.

Faire mémoire, accepter la vérité et la justice n'est la même chose avec la vengeance. Il s'agit plutôt de créer les conditions nécessaires pour que la réconciliation et le pardon puissent faire leur chemin afin d'arriver à une guérison sociale. Ce Bulletin est spécial. Il prend l'époque de la présidence de Jean Claude Duvalier comme un exemple. Il faut faire la vérité. Les jeunes aujourd'hui doivent connaître les faits et comment les gens les ont vécus. Mais d'autres époques également nécessitent une bonne réflexion.

La mémoire contient une autre dimension : c'est un devoir de continuer faire mémoire de ces personnes qui ont contribué à faire avancer notre pays. Leur exemple doit être une lumière pour nous ; leur engagement doit continuer à inspirer le notre. En 2010, plusieurs personnages de l'histoire récente nous ont laissé. Ce Bulletin leur réserve une place pour leur faire hommage. Mgr François Gayot, smm, et Mgr. Hubert Constant, omi, ont fortement marqué la vie de l'Église et de la Commission Justice et Paix. Jean Claude Bajoux a vécu l'époque des Duvalier, et il a été parmi les victimes ; mais il a toujours gardé la force de résister et de mener une lutte acharnée contre l'impunité et la corruption. Joseph Augustin (connu comme Papi Djo) a donné sa forte contribution pour faire respecter la culture haïtienne dans la société et dans l'Église. Il faut se souvenir d'eux.

Ce Bulletin rappelle les déclarations publiques que la Commission a prises au cours de la dernière année. Quelques nouvelles toujours traitent de la justice et la paix en Haïti et ailleurs. *Bonne lecture.*

L'Equipe de Bulletin.

Plizyè Poto mitan kite n

Monseyè Franswa Gayo (Francois Gayot, smm)

Li fèt nan dat 12 jiyè 1927

Li mouri nan vil Wòm jou ki te 16 desanm 2010

Li te genyen 83 lane

Li te manm nan kongregasyon Monfòten depi 63 lane

Li te ansyen Achevèk Okap Ayisyen.

Li sakre pè 7 fevriye 1954. Li te etidye nan peyi Lafrans : etnoloji ak syans sosyal ; epitou li te gen yon doktora nan syans relijye. Monseyè Gayo te genyen anpil enflyans nan Legliz d Ayiti ak nan fason li prezan nan mitan pèp Bondye a. Li te ekri kèk liv ak zouti pou fòmasyon misyonè etranje ki vin travay nan peyi a sou kilti ak relijyon pèp Ayisyen an.

Lè l te Siperyè kominote Monfòten yo, li entwodui koze ekip misyonè yo nan pawas Laviktwa ak Karis, ak pi devan nan dyosèz Pòdepè a, nan pawas tankou Jan Rabèl ak Bonbad. Ekip sa yo t ap pratike sa n rele yon « evanjelizasyon total » la, sa vle di : preche levanjil Jezikri a dwe pote mak yon chanjman afon nan tout lavi moun nan, devlopman sosyal ak ekonomik la dwe antre ladan l tou.



Kòm Evèk Okap, li mete tout konesans li kòm sosyològ nan sèvis anonse Levanjil la Legliz genyen pou fè a. Konsa, li konvenk tout Evèk yo pou antre nan yon kesyon Sinòd (mache ansanm) ki te dwe fèt nan chak dyosèz, epi pou tout peyi a : tout Legliz la te dwe gade reyaltite pèp l ap sèvi a, pou l kab vini ak yon fason pou preche levanjil la ki reponn ak atant moun yo genyen parapò ak lavi a. Nan dyosèz Okap la,

tankou nan dyosèz Ench, travay Sinòd la abouti sou konviksyon : Legliz dwe touprè moun yo, plis toujou : se fidèl yo menm, annakò ak reskonsab yo, ki nan non batèm yo ak fòs Lespri a dwe reyalize sa Legliz la ye nan kominote yo ak katye yo gras ak Ti Kominote Legliz yo.

Monseyè te genyen yon gwo sousi pou inite Legliz ak rekonsilyasyon nan mitan pèp Ayisyen an, sitou lè evènman politik yo te vle divize l, paegzanp nan lane 1986, apre prezidan Divalye kite pouvwa a. Anpil moun pa t konprann preyokipasyon l. Sa te kreye kèk tansyon tou ak Komisyon Jistis ak Lapè nan epòk la, sitou pandan ane koudeta yo jouk nan lane 1994. Monseyè te bay lapè ak rekonsilyasyon anpil enpòtans, paske pou li menm, nan peyi d Ayiti « jistis la, jan l fèt la, ap divize moun ».

Refleksyon sa a te enfliyanse travay Komisyon an, nan enterè li montre pou Bati Lapè, yon lapè ki chita sou konprann konfli, jere yo byen selon sa k jistis ak sa k kòrèk la. Manm yo nan komisyon an konnen gwo enpòtans aktivite Bati Lapè sa a genyen jodi a nan tout angajman komisyon yo pran atravè peyi a.

Nou sonje Monseyè Gayo pou enfliyans li te genyen nan Legliz d Ayiti a, sitou pou rèv li pou l wè tout pitit peyi a fè youn sou tab konsètasyon ak dyalòg la.

Monseyè Ibè Konstan (Hubert Constant, omi) Ansyen prezidan nasyonal Komisyon Jistis ak Lapè

Li te fèt 18 septanm 1931 nan vil Kanperen.


Li mouri jou ki 23 septanm 2011 nan lakou Pòtoprens nan lopital Kanape Vè.

Li te gen 80 lane, epi li t ap soufri nan kè.

Li antre nan kominote Misyone Obla yo (OMI) nan lane 1955, li vin pè nan lane 1958.

Pandan l te Siperyè nan kominote Misyone Obla yo, li te Prezidan CHR (Konferans Relijye yo) tou.

Se li k te premye Evèk nan dyosèz Fò Libète a, lè l te fenk fonde nan lane 1991. Nan lane 2003 li te vin Achevèk Okap, jouk nan lane 2008, lè l te bay demisyon l jan Legliz la mande l lè yon evèk genyen 75 lane.



Nan Komisyon Jistis ak Lapè, nou sonje Monseyè Ibè Konstan paske l te Prezidan Komisyon an pandan plizyè lane depi 1995 rive 1999. Travay Komisyon an toujou te enterese l, epi li t ap ankouraje travay li.

Kòm Prezidan Konferans Evèk yo tou, li t ap pran defans diyite ak lavi moun, respè pou dwa yo, kont tout vyolans nan sosyete a. « Kè n fè n mal tout bon lè n wè nan peyi n diferan sitiasyon sa yo ap kontinye tankou ensekirite, enpinite, koripsyon, peze souse moun san gade dèyè pou reyalize lajan epi pou jwenn pouvwa, ansanm ak yon sistèm Lajistis k ap fonksyone tankou yon move teyat. » (2004).

Dènye diskou piblik Monseyè te fè a, sete nan seminè Legliz la te òganize nan sant CAFOJ sou nesosite pou genyen yon dyalòg nasyonal nan peyi a. Monseyè Konstan t ap pran defans lide a ak tout fòs li, paske l te wè se yon nesosite pou peyi a antre nan chimen bon jan antant ak dyalòg pou l kab vanse kòm pèp, kòm nasyon.

**Yon defansè dwa moun ale :
Jean Claude BAJEUX**

Men yon ti temwayaj P. Jan Hanssens te bay nan fineray Jean Claude Bajeux pou onore memwa li. Jean Claude Bajeux ki te manm Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis.

Omaj pou Jean Claude Bajeux

Ak anpil respè e rekonesans mwen asepte bay ti temwayaj sa a sou kolaborasyon m, nan kad Fowòm sitwayen an, ak Jan Klod Baje. Se okazyon lamò l ki fè nou reyini maten an.

Mwen te tande non Jan Klod Baje depi m te vini nan peyi d Ayiti nan ane 1970 yo. Se pi ta sèlman mwen te konnen l pi pre epi apresye l tout bon.

Depi 10 lane mwen kolabore ak li nan kad Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis. Nou : reprezantan 3 òganizasyon CEDH, HSI ak Komisyon Jistis ak Lapè. Se nan kad Komite Kòdinasyon an nou t ap fè echanj ak rechèch sou sa Jistis nan peyi a vle di epi sou egzijans refòm nan genyen. Nou te chanje lide, nou t ap fè rechèch ansanm. Se nan echanj ak konfwontasyon lide respè, apresyasyon ak vrè zanmitay grandi.

Jan Klod te fèm sou kèk pwèn ki te atire atansyon m : kesyon enpinite a ak batay kont koripsyon an. Li pa posib pou yon sosyete solid pran pye kote moun pa pran reskonsablite pou zak yo poze yo, kote yo pa pini koupab yo, kote moun annik chèche ap pwofite sou do lòt ak sou byen kominote a.

Jan Klod te sansib an menm tan pou viktim yo ak pou moun ki fèb yo nan sosyete a ak sa k ap sibi lenjistis : moun yo depòte yo sòt lòtbò dlo, moun nan prizon yo, moun ki viktim anba tout kalite vyolans : medam yo, timoun yo, peyizan yo, moun nan katye popilè yo.

Pou menm rezon sa a, Jan Klod t ap ankouraje n pou tout dokiman Fowòm nan toujou nan de (2) lang : franse ak kreyòl. Se gras ak kreyòl la tout moun te kab patisipe nan refleksyon yo epi fè pwopozisyon yo.

Pwòp istwa lavi l te pèmèt li pale epi aji ak anpil fòs e konviksyon. Sa l te viv nan pwòp vi l, nan pwòp fanmi li anba diktati Divalye a te fè l vin sansib pou tout siy diktati sosyete a pa dwe tolere, menm apre rejim Divalye a te fin ale.

Non, fè refòm Lajistis toutbon, se pa menm ak anbeli kèk kay, se pa yon kesyon plis lajan ak materyèl an premye lye. Yon lòt jistis, se sitou yon lòt kalite relasyon moun ak moun ki chita sou respè youn pou lòt. Epi, si genyen konfli moun yo pa rive jere yo menm, Leta – ak zouti lalwa – kapab ede yo reyalize byen viv sila a.

Nan dènye Fowòm nasyonal la nou te reyalize ansanm pou defini yon vizyon global sou nouvo Jistis sa a, Jan Klod te di pawòl sa yo pou dekri sa nou tout ap tann pou jistis la nan peyi a bay :

« Pour exercer cette justice, au niveau où elle veut être servie il faut regarder, en même temps, au-delà de ce monde, le spectre lumineux d'une justice qui devient, est devenue, se doit de devenir, le moteur d'une société civilisée, la conscience d'une société humaine, et le centre d'un immense réseau de services publiques. C'est de cette réalité que nous parlons, quand nous parlons d'une vision intégrale de la justice. » (5 septanm 2009, pou louvri 11zyèm Fowòm nan).

Pou nou menm, ki te travay ak Jan Klod nan kad Fowòm nan, pi bèl omaj nou kab rann li, se pou Fowòm nan kontinye ap jwe wòl li nan sosyete peyi d Ayiti a, jous refòm Lajistis entegral sa a vin yon reyalite.

Se konsa, Jan Klod te fè tout talan Granmèt la te mete nan li donnen epi pote fwi. Jan Klod, mèsi pou tout sa ou te fè n wè sou reyalite peyi a ak sou Lajistis nan peyi a. Mèsi.

P. Jan Hanssens

Joseph Augustin (Papi Djo)

Li te fèt Pòdepè.

Li te gen laj 90 lane lè l mouri.

Li se te frè Monseyè Remy Augustin.

Papi Djo, ansyen jenerasyon an ap sonje l poutèt batay li te mennen pou kilti Ayisyen jwenn plas li ni nan Legliz la ni nan sosyete a. Nan ane 1960 yo, selon nouvo lespri ki t ap vante anndan Legliz li plede pou tanbou ak rit kreyòl yo jwenn plas yo. Anvan sa, yo te konsidere tanbou a tankou yon enstriman djab. Li te ede wè se pa yon bout bwa ak po kabrit ki zouti djab, se entansyon ou genyen nan sa w fè ak li. Ak sa k yon enstriman nan kilti pèp la ak pwòp rit nou yo, nou kapab fè lwanj pou Bondye.

Se li k te pibliye Tanboula, plen ak chan nan lang kreyòl ki pa yon senp kopi sa k sòt lòtbò dlo. Liv chan N ap regle tout bagay an chantan (paj 154 rive 189, 255 rive 271, 314-315, 399-410, 566-567, 614-618) genyen anpil chan ki sòt nan men l li te konpoze selon sikonstans ak nesosite evanjelizasyon an te genyen.

Anpil moun ap sonje vwa Papa Djo nan Radyo Solèy ak nan divès seminè li te kondwi sou akiltirasyon litiji nan peyi d Ayiti. Nan Radyo Solèy li te mete tout talan l ak tout konesans kilti Ayisyen nan sèvis ede moun konprann dwa yo pou yo viv epi pale lib.

Li te pibliye yon liv kote l poze anpil kesyon sou akiltirasyon mesaj Jezikri a nan mitan kilti pèp Ayisyen an.

Djo Augustin te yon defansè dwa pèp Ayisyen an : dwa pèp la genyen pou l fè lwanj Bondye ak pwòp enstriman l, ak pwòp lang li. Li te fè lang ak kilti pèp Ayisyen tounen yon zouti nan batay pou liberasyon l nan non Levanjil la. Ayibobo Papi Djo.

Dosye : Jan Klod Divalye

Pou ki sa nou pale sou Jan Klod Divalye kounye a ?

Depi kèk mwa, ansyen Prezidan Jan Klod Divalye rantre nan peyi a. Pyès moun pa konn vrè rezon pou jès sa a, sòf moun pwòch li yo ki tou pre l. Eske li bezwen montre kote l te ye a, li pa gen pwoblèm ak lajistis nan peyi l ? Men Lajistis rele l, paske genyen yon dosye detounman lajan kont li. Gen kèk sitwayen ak sitwayèn ki ranmase tout kouray yo pou pote plent pou sa yo te sibi anba gouvènman li. Plizyè lòt moun fè konnen yo vle padonnen Divalye, paske anba Gouvènman l, te gen mwens lamizè epi te gen plis lòd ak sekirite.

Tout sa montre, dwe genyen yon rafrechi memwa ki fèt. Èske tan Divalye a te pi bon pou peyi a ? Èske degre demokrasi nou ladan an pi mal pase yon diktati ak yon rejim kraze zo ? Èske rekonsilye yon peyi vle di kase fèy kouvri sa ? Èske nou dwe bliye sa peyi a te soufri, te sibi ? Èske nou dwe bliye nou toujou ap viv konsekans rejim kraze zo sa yo jouk nan fon konsyans nou, panse nou ak konpòtman nou yo ?

Sa k te sous rejim Divalye a pa t disparèt jou ki 7 fevriye 1986 lè Jan Klod te pati an egzil. Okontrè, mantalite ak aksyon yo te kontinye ap repete nan peyi a. Konsa, te genyen plizyè masak : 23 jiyè 1987 : Jan Rabèl ; 11 sektanm 1988 : masak nan legliz Sen Jan Bosko nan Pòtoprens ; 11 sektanm 1993 : asasinay Antwàn Izmeri ; 27 desanm 1993 : masak nan Site Solèy, elatriye. Lis la twò long pou nonmen yo tout. Men tou, reprezantan kan demokrat la tou te sèvi ak menm metòd asasinay, vyolans ak magouy pou defann pozisyon yo. Nou sonje Operasyon Bagdad ki te fè yon gwo kantite viktim ant 2004 ak 2007.

Nou dwe sonje tousa, paske nou vle evite tonbe nan sa k pi mal. Nou dwe sonje, pou n kab konnen diktati a toujou anndan n, epi li fè konpòtman demokratik yo pa kab pran rasin fasil konsa. Nou dwe sonje, paske nou vle jistis ak sa k kòrèk. Sa k kòrèk pa dwe yon baryè pou kab gen rekonsilyasyon nan peyi a. Okontrè fè jistis se fè verite blayi.

Kote k gen verite nan relasyon yo ant moun, ant gwoup ak lide politik, yon nouvo lavi kapab jèmen. Se diyite nou kòm moun menm ki mande n fè verite blayi. Nou dwe aprann viv san pa gen lahèn ak vanjans, men nan jistis ak verite.

JH

Pourquoi évoquer Jean Claude Duvalier en ce moment ?

Depuis quelques mois, l'ancien président Jean Claude Duvalier est rentré dans le pays. Personne ne connaît le motif exact de ce geste, sauf peut-être ses amis et entourage proche. Doit-il prouver quelque part qu'il n'y a entre lui et la justice haïtienne aucun problème ? Pourtant la justice l'a interpellé pour une question de détournement de fonds de l'Etat, et quelques citoyens et citoyennes ont même eu le courage de porter une plainte pour ce qu'ils ont subi sous son gouvernement. D'autres font savoir de vouloir pardonner Duvalier, et ils invoquent l'idée que sous son gouvernement la misère était plus supportable, qu'il y avait de l'ordre et sécurité.

Ces différentes réactions montrent qu'il est nécessaire de rafraichir la mémoire. Est-ce que le pays était mieux sous le régime de Duvalier ? Est-ce que le degré de démocratie que nous connaissons maintenant est pire qu'une dictature avec sa répression ? Est-ce que réconcilier le pays signifierait le simple oubli ? Faut-il oublier ce que le pays a subi et souffert ? Devons-nous faire oublier que nous vivons aujourd'hui les conséquences de la répression qui est entré fond dans notre conscience, pensées et mœurs ?

Ce qui était la source du Duvaliérisme n'a pas disparu le 7 février 1986 avec le départ de Jean Claude en exil. Au contraire, la mentalité totalitaire continue et des actions continuent à être perpétrées. Plusieurs massacres et crimes ont lieu. 23 juillet 1987 : massacre de Jean Rabel ; 11 septembre 1988 : massacre à l'église de Jean Bosco ; 11 septembre 1993 : assassinat de Antoine Isméry ; 27 décembre 1993 : massacre à Cité Soleil, etc.... La liste serait trop longue pour les énumérer. Mais ce qui est grave, même les représentants de la démocratie recourraient aux mêmes pratiques d'assassinats, de violences et de fraudes. En témoigne l'Opération Bagdad entre 2004 et 2007.

++

Il faut se souvenir, parce que nous voulons éviter de tomber dans le pire. Il faut se souvenir, pour se rendre compte que l'esprit de la dictature est toujours vivant parmi nous et empêche des comportements vraiment démocratiques. Il faut se souvenir, parce que nous avons soif de justice. Justice ne devrait pas être un empêchement à la réconciliation dans le pays aujourd'hui. Au contraire, faire justice c'est permettre à la vérité de faire surface.

Là où il y a vérité dans les relations humaines, entre les groupes et les convictions politiques, de nouvelles relations et une nouvelle vie deviennent possibles. La vérité est une exigence de notre dignité comme personnes humaines. Il faut apprendre à vivre sans haine et vengeance, mais dans la justice et la vérité.

JH

Ki moun Jan Klod Divalye ye ?

Jan Klod Divalye ki gen ti non « Bebe Dòk », fèt nan lakou Pòtoprens nan dat 3 jiyè 1951. Li te vin Prezidan Repiblik d Ayiti lè papa l, Doktè Franswa Divalye, anpil moun te konnen sou non « papa Dòk », vin mouri nan dat

21 avril 1971. Soti nan lane 1971 pou rive 1986, sa ki vin bay egzakteman 15 lane kòm Prezidan peyi a. Ak 19 lane, li vin pi jèn Chèf d Eta mond lan konnen nan dènye tan sa yo.

(Paj kouvèti yon liv resan sou Prezidan Jan Klod Divalye : L'Héritier)

Jesyon peyi l la te make nan premye ane prezidansyèl li yo ak yon volonte apèzman ak detant. « Bebe Dòk » te montre anpil bon volonte demokratik, epi li rive remete relasyon ant Etazini, Repiblik Dominikèn ak Ayiti. Konsa, èd entènasyonal la te reprann ankò. Delè menm yo pale sou liberalizasyon ak demokratizasyon.

Men depi nan finisman lane 1971, Gouvènman l nan retounen ak menm metòd bout di a, epi l ap rebay laprès pwoblèm. Nan dat 27 me 1980, Jan Klod marye ak Michel Bennett, yon jèn milatrès ki soti nan wo boujwazi ayisyen an, ki pral ba l 2 pitit. Nan lane 1985, sou presyon kominote entènasyonal ak sa Konstitisyon an mande, li fè yon referandòm, kote li enstale yon premye minis.

Tout sa pa dwe fè bliye motè machin diktati a. Sou Papa Dòk sete Fò Dimanch ak tout rezo VSN (Volontè Sekirite Nasyonal, yo rele Tonton Makout) atravè peyi a. Bebe Dòk kreye pwòp lame pa l, sa yo rele Leyopa ki te chita nan kazèn Desalin, pou pi byen kontwòle lame d Ayiti a. Li mete sou pye toujou yon sèvis SD ou envestigasyon. An n fè yon ti pale sou Fò Dimanch arestasyon ki te konn fèt pou rezon politik.

Ki sa ki te konn kòz arestasyon yo

Yo te konn arete sou etikèt prizonye politik, moun ki pran pozisyon kont politik gouvènman l nan, men tou moun ki pa p travay k ap plenyen mizè yo, oubyen yon moun ki ta di yon bagay mal epi yon ajan Divalye tande l.

Nou gen kòm egzanp **Sylvestre Jilmiste**, yon apranti kòdonye 24 lane ki pa t ap travay, pandan l ap plenyen grangou li di li pini fanmi Divalye sa a. Gen yon makout ki te tande l, li te fè maspinen l nan palè nasyonal epi transfere l nan Fò Dimanch kote l mouri an oktòb 1976 nan sèlil nimewo 1.

N ap site ankò **Ambroise Desravines**, yon kwafè ki moun Okap ki gen 62 lane te jwenn arestasyon l paske l te di Henri Siclait, ansyen direktè Reji Tabak la, se kolonèl Albert Pierre ki te kraze zo l, Se yon pastè pwotestan ki te yon espyon Divalye ki t al rapòte sa. Desravines mouri Fò Dimanch 8 mwa aprè, sa vle di nan mwa septanm 1976.

Nenpòt ti diskisyon yon moun te genyen avèk yon zanmi ki pwòch oubyen lwen, gouvènman Divalye a kapab fè tèt li jistis pandan y ap voye l nan Fò Dimanch sou akizasyon prizonye politik. Gen yon sitwayen ki te mouri Fò

Dimanch paske l te touye chen yon vwazen ki te gen frè l ki te makout. Si yon papa gen yon bèl pitit fi oubyen yon sitwayen gen yon bèl madanm depi makout la renmen l epi ou refize ba li l, ou kapab pase kòm prizonye politik. Yo te konn arete menm moun k ap sot lòtbò dlo pou rantre Ayiti pou nenpòt ki bagay depi nan Ayopò Pòtoprens.

Pou yon grenn moun yo t ap akize, ajan gouvènman yo kapab fè anpil viktim, ak yon pratik yo te konn di se « kòm tèminal ». Pratik sa a yo aplike l sou yon moun yo arete paske yon fanmi l, yon zanmi l oubyen yon moun li konnen te enplike nan zafè politik.

Kòm egzanp : Yo arete frè a Lafortune Cicéron, ki se **Louis Cicéron** ak plizyè kouzen l kote yo pase 9 lane nan Penitansye Nasyonal sou akizasyon yon frè madanm li te sove nan Fò Dimanch. Lòt egzanp **Sémonvil Osias** yon Kapwa ki te avoka. Li te jwenn arestasyon l paske l te zanmi ak **Max Dominique** ki te pwòch Divalye ki te vin pèdi tout enfliyans li. Sémonvil Osias mouri nan Fò Dimanch nan mwa jen 1975 alòske Max Dominique t ap bwè kòb li nan yon vila Ozetazini.

Se konsa sa te fet depi sou papa Doc. Kòm egzanp nou gen **Guy** ak **Frank Lomini**, yo arete yo poutèt lòt moun te fè yon atanta kont Jan Klod ak sè li, lè l te lekòl toujou. Yo mouri nan Fò Dimanch nan dat 26 avril 1963.

Gen anpil konpatriyòt ki te eseye reziste ak zam nan men oswa pou byen yo kote ajan gouvènman yo te vle pran, swa pou pwoteje lavi yo oubyen pou eseye debarase peyi a ak klan Divalye a. Polis Divalye yo te arete anpil moun ki pa t gen dwa ak okenn jijman ; yo te tire yo sou plas oubyen nan Fò Dimanch.

Men moun ki te responsab represyon yo

Responsab represyon yo nan peyi d Ayiti se :

- a) Kò Leyopa kote se majò Acédius St-Louis ki t ap dirije l ;
- b) Gad prezidansyèl la (Seksyon SD) se te Luc Désir ki t ap dirije l ak Prosper Avril;

- c) Seksyon SD (Sèvis Detektiv) Kazèn Desalin, kote se kolonèl Jean Valmé ak Albert Pierre, epi majò Ansel Orceul ak Raymond Cabrol ki t ap dirije l.
- d) Anba sistèm nan te genyen chèk seksyon yo ak soukèt lawouze yo, ki reprezante pouvwa Leta a anndan seksyon riral yo. Se yo k sèl otorite ki depann de lame d Ayiti a.

Konsa, se fòs ak zam ki te genyen tout pouvwa nan peyi a e ki t ap ankadre peyizan yo atravè peyi a. Kò sa yo te gen yon pil ajan deyò tankou anndan peyi a k ap travay pou yo. Deyò peyi a pi fò se Ozetazini ak Monreyal nan peyi Kanada yo ye, w ap jwenn kèk grenn nan zòn Lewòp. Espesyalman Ozetazini, gen anpil nan yo ki pa pè menase konpatriyòt yo nan emigrasyon. Yo te la pou denonse bay reskonsab represyon an an Ayiti yo konpatriyòt yo panse ki nwizib k ap tounen nan peyi a aprè yon sejou nan peyi letranje.

Kòm egzanp : yon moun ki te bay yon refleksyon, ki te patisipe nan yon manifestasyon piblik, ki t al wè yon moun ki konsidere kòm lènmi gouvènman an ki nan egzil, tout bagay sa yo te kab jistifye yo arete sitwayen ayisyen an nan ayewopò Pòtoprens.

Ki kondisyon arestasyon yo

Yo te konn arete sitwayen tout kote: lakay, nan legliz, nan lari, nan sal egzamen, el. Yon sèl bagay ki domine se: moun k ap dirije a fè sa l vle. Se chèf represyon yo ak lyetnan yo ki gen tout pouvwa. Konsa, gen yon reskonsab nan SD Kazèn Desalin ki te deklare: « Isit la nou se akizatè, nou se jij, nou se chanm komès, nou se ofisye deta sivil, elatriye ». Ajan yo kapab arete nenpòt sitwayen san yo pa janm di l ki motif arestasyon l, san okenn fòmalitye. Menm yon kat idantifikasyon yo pa p prezante w. Depi yo lonje dwèt sou sitwayen an lapoula yo metrize li, yo jete l nan dèyè yon machin epi yo byen move.

Nan dat 10 fevriye 1976, yon reprezantan Kwawouj entènasyonal, mesye Raymond Bernard ki se yon Fransè, te fè yon vizit nan prizon yo. Vizit li a sanble te limite ak Penitansye Nasyonal. Èske l pa t konn tande pale sou yon kote yo rele Fò Dimanch ?

Èske yo pa t vle ba l aksè ? Okenn moun pa konnen. Nan penitansye a otorite ayisyen yo prezante 16 prizonye politik sèlman ki gen nan peyi a. Se vre seksyon prizonye politik yo te vid. Yo te jwe mesye Bernard paske byen bonè nan maten yo vide selil yo, 170 prizonye ki te genyen yo y al sere yo nan seksyon prizonye dwa komen. Nan 170 prizonye sa yo gen moun ki la men yo kalifye kòm « moun enkonni ».

Sant kraze zo ki te pi enpòtan an pou gouvènman represif Jan Klod la te chita nan kazèn Desalin. Chak jou ekip k ap maspinen moun nan jwenn yon lòt metòd. Men bouwo Albert Pierre ak Jean Valmé te plis renmen metòd maspinay kolon esklavajis yo.

Gen yon metòd « djak », kote prizonye a tounen yon boul nan yon baton. Kote 4 bouwo pran pwent baton an yo leve l, yo mete l ant 2 tab kote y ap balanse l devan al dèyè epi bouwo yo ap vide baton sou moun nan. Nan yon dezyèm etap, se pa ak baton yo bat moun nan, men ak nè bèf. Se kolonèl la menm ki bat prizonye a. Anpil fwa prizonye a konn endispoze, Apre yo fè l reprann konsyans, yo mete l chita, kounye a yo pral poze l kesyon. Sou chak siyal kolonèl la, baton vide. Entèwogatwa a konn dire pafwa 9 èd tan. Prizonye a dwe rete san dòmi san manje ni lajounen ni lannwit jis lòt seyans kesyon an, pandan tout jounen kesyon an. Anpil moun konn mouri apre 2 oubyen 3 jou. Yo konn lage lòt yo nan selil san swen medikal: kote ki blese yo konn enfekte, vyann nan konn pouri ak vè. Pi fò prizonye konn rete domaje pou lavi.

Kondisyon detansyon yo

An Ayiti te gen plizyè prizon pou prizonye politik yo, nan diferan vil sa yo : Okap Ayisyen, Sen Mak, Beladè, Wanament, Lagonav epi Pòtoprens. Prensipal prizon politik yo se te sa k te Pòtoprens yo : Penitansye Nasyonal, Kazèn Desalin epi Fò Dimanch yo rele tou Fò Lanmò. Kondisyon yo kenbe moun nan Penitansye a te pi bon pase nan kazèn Desalin ak Fò Dimanch, men li t ap vyole dwa moun toujou.

Prizon Fò Dimanch te gen 10 selil pou plizyè moun, 9 te rezève pou gason epi lòt la pou fanm. Se sèlman lè pòt santral la ouvè, yon ti lè ak yon ti

limyè te kab rantre nan koulwa kote selil yo te ye a. Fò Dimanch se yon kote yo fè prizonye politik la santi yo pa gen diyite kòm moun, yo fè prizonye a santi l se bèt anvan l mouri. Yo kreye tout kondisyon yo pou sa: yo dezabiye l, yo fè yon tès medikal pou imilye l, tèt bese ak fas nan mi jewolye a ensilte prizonye a tankou yon bagay san valè. Si prizonye a ta fè yon bagay ki pa fè majò a plezi, yo depèsonalize l. Majò a se prizonye ki pi ansyen an epi ki ki prèt pou kolabore ak jewolye a. Prizonye a pa gen dwa adrese jewolye a lapawòl pou kèlkeswa sikonstans lan, se majò a ki ka sèvi pòtpawòl ant prizonye a ak jewolye a.

Kondisyon lavi nan Fò Dimanch

Selil yo mezire 3 mètr sou 3, lè prèske pa rantre ladan l, epi li resevwa 22 al 33 prizonye. Prizonye yo blije dòmi nan relèv. Apre twa mwa yo resevwa yon nat pay. Pandan 9 mwa se chalè a k ap toumante l, epi pandan 3 mwa li degaje l ak fredri a.

Ki jan kondisyon ijyenik lan te ye ? Prizonye yo pil sou pil tankou sadin nan yon selil yo pa janm netwaye, yo gen yon ti bèt ki rele pou nan tèt yo, ak pinèz nan kò yo, epi moustik ki soti nan ma dlo ki bò prizon an ap ba yo malarya ak tout lòt vye maladi.

Selil la toujou gen movèz odè yon veso ki pran 5 galon pou fè twalèt yo. Veso sa a pa janm netwaye, li plen lasèl ki vin kole sou li epi youn ladan yo dwe pote l al jete nan yon twou yo fè pou sa nan prizon an. Gen prizonye aprè yon bon moman ki konn vin bese fizikman e ki konn kite veso 5 galon tonbe nan men yo nan koulwa a. Lè konsa yo blije ranmase yo ak men, sa konn fè yo resevwa gwo pinisyon. Tankou yo pa ba l papyè twalèt ak savon. Lè ti rèz rad li genyen an twò sal se avèk pipi li blije lave l paske l pa jwenn dlo. Nan Fò Dimanch, prizonye pa benyen. Yo reveye yo vè 22è nan maten pou yo ale anba yon wobinè ki koule yon ti kras dlo. Yon selil ki gen 22 al 33 moun pa gen plis pase 5 minit pou tout fin benyen.

Kesyon manje a ak swen lasante. Prizonye a resevwa yon ti manje sèlman, konsa prizonye yo konn soufri yon maladi ki rele avitaminoz. Yo pa ba yo manje ki enpòtan pou kenbe moun tankou vyann, legim, lèt ak fwi, epi se atè a oswa nan yon mi yo voye l bay prizonye a pou l pran ak men l, paske pat t gen asyèt pou yo. Dlo a te gen limit li, konsa chak prizonye gen dwa 2 goblè dlo pandan jounen an.

Doktè Trévan ki te reskonsab pou bay ti moso laswenyay, vizite prizon an 2 ou 3 fwa nan yon lane. Menm lè gen prizonye ki mouri, li pa konn vini. Laswenyay la se yon èd enfimyè ki plis fè l. Enos St-Pierre, yon adjidan bouwo Divalye menm te nonmen, te deklare : « Medikaman yo twò chè pou bay moun tankou nou », epi kapitèn Jan Jozèf ki se yon Gad prezidansyèl epi ki se chèf prizon an te di : « Nou pa anpeche moun mouri. Si w santi w fatigue ou mèt foure tèt ou nan yon veso matyè fekal la, touye tèt nou pou kont nou paske deyò a yo konnen nou mouri deja». Se konsa mesye sa yo pale ak prizonye yo. Yo pran plezi yo nan fè prizonye pase mizè epi imilye yo anvan yo mouri.

Maladi ak moun ki mouri. Nan Fò Dimanch maladi yo anpil. Sa ki pi fasil pou jwenn yo se tibèkiloz nan poumon, avitaminoz, gal, twoub mantal, dyare. Men maladi ki plis fasil se dyare, tibèkiloz avèk vè ki atè yo ki fin pike prizonye yo. Pou prizonye kapab fè fas ak dyare, malarya ak lestomak fè mal yo lave tèt yo ak pipi epi yo bwè l tou, souvan yo sèvi ak li swa li konsole oubyen li soulaje yo.

Kantite malad ki te kontamine prizonye yo te anpil akòz te tèlman gen moun nan selil yo. Tout sa esplike mwayèn lavi yon moun nan Fò Dimanch difisil pou depase yon lane. 60 % moun ki mouri yo se ak tibèkiloz yo mouri, 40 % se avitaminoz ak dyare ki touye yo. Kantite moun ki mouri Fò Dimanch yo anpil. Kondisyon yo kenbe moun nan prizon pi mal pase bèt, yon sitiyasyon ki vin pi grav nan lane 1976, nan lane kote menm gouvènman Divalye a t ap pale sou liberasyon ak amelyorasyon kondisyon prizonye yo.

Nan lane 1976 nan Fò Dimanch yo rejistre 96 moun ki mouri, espesyalman nan mwa oktòb, novanm ak desanm. Se te chif rekò li te ye nan krim ki fèt pandan yon lane. Nan lane ki te pase a, sa vle di 1975, se te 55 sou yon kantite 170 prizonye.

Nan prizon an tout prizonye konnen lanmò pa lwen yo. Chak fwa yon prizonye mouri, yo tout chante ansanm « se sèlman yon orevwa » epi « pi prè w Bondye ». Kò a konn pran plizyè èdtan nan selil la anvan jewolye a bay otorizasyon pou yo vin pran l.

Men non kèk prizonye yo fiziye yo

Nan Fò Dimanch yo mete anpil moun kanpe oubyen kouche pou tire yo ak bal.

Kòm egzanp nou kapab site non kèk moun yo touye konsa nan lane 1974 ak 1976. Nan dat 14 dawou 1974, yo touye 13 prizonye Fò Dimanch. Ladan yo:

Charles PIERRE	Reynold TIMOLEON
Alix THOMAS	René FRANEX
Des PREDESTANT	Daule COMPERE
Rikitt FLORESTAL	John SOUFFRANT
Ronald PERARD	Oveny PAUL
Samson JEAN PIERRE (alyas Don Fred)	

Jou ki 25 mas 1976, yo touye 7 prizonye. Ladan yo:

Clarel TERVIL	Marie Thérèse FEVAL
Pierre JEAN (alyas d Ayiti)	Jean Louis ROY
Ronald DUCHEMIN	Jean Rifla VASSEAU

Nan dènye ane sa yo, yo pa t gaspiye bal pou touye prizonye yo. Yo fè yo avanse youn pa youn, epi yo bay prizonye a yon sèl kout mas nan dèyè kou, Tankou yo touye yon chen. Lòt prizonye yo konn tandè bri kout mas la nan selil kote yo ye a.

Ki jan prizonye yo fè rezistans

Devan bwat lanmò sa a, n ap mande kòman yon prizonye fè soti vivan anndan Fò Dimanch. Ki kote l jwenn fòs pou l reziste ak pou l pa mouri ? Sèl sa ki rete l kòm resous se volonte l ak detèminasyon l pou l reziste. Pa t gen posiblite menm pou prizonye yo fè mouvman solidarite. Chak fwa ta vle genyen yon ti tèt ansanm ant prizonye yo nan yon selil, majò a ak otorite yo prese prese separe yo nan lòt selil.

Chak moun dwe batay pou kont yo, e fè pwòp entelijans yo travay. Gen prizonye ki mete nan tèt yo pou yo leve yon defi. Yo konnen jewolye a la pou l touye yo. Yo vle reziste pou leve defi sa a. Gen prizonye ki santi yo gen yon devwa pou ranpli : se rete vivan pou yo ka temwaye, pou montre mond lan lanfè sa a Divalye ak patizan l yo te kreye. Men espwa pou yo soti deyò a piti anpil. Konsa gen prizonye ki konn sot vivan nan Fò Dimanch paske yo rive kreye yon rèv, yon kote yo rive efase tout bagay mal ki t ap pase yo chak jou, ki te la pou kraze epi touye yo.

Listwa kochon kreyòl la

Aprè nou fin gade sistèm represyon ak vyolasyon dwa moun ki te genyen anba rejim Jan Klod Divalye a, li nesèsè tou pou n gade politik ekonomik la, ak konsekans li te genyen pou pèp Ayisyen an. Kèk bagay make Gouvènman Jan Kod la : Depi nan kòmansman an, li t ap di : « Papa m te fè revolisyon politik la, mwen menm m ap fè revolisyon ekonomik la ».

Men ki sa k nan vant revolisyon ekonomik sila a :

- Sou Prezidan Jan Klod, sistèm pak endistriyèl yo ak soutretans antre nan peyi a, kote konpayi etranje jwenn kondisyon favè pou vin envèsti nan peyi a epi pwofite salè ki ba yo. Konsa, yo te kab reyalize gwo benefis sou do pèp Ayisyen an.
- Sou Jan Klod, yo t ap pale sou “Plan Meriken pou Karayib la”, kote yo ankouraje peyizan yo plante pye fwi, paske Ayiti kab ekspote fwi.

Konsa, li pa t bezwen pwodui manje pou pwòp sitwayen l yo, paske lòt peyi yo ta voye l vann li.

- Sou Jan Klod, te genyen yon kontra ant Ayiti ak Repiblik Dominikèn kote peyi vwazen an t ap peye yon montan lajan pou chak tèt Ayisyen k al travay nan zafra lakay li (rekòt kann nan). Li pa fasil pou konnen ki kote lajan sa a ale, si l antre nan bidjè Leta a yon fason kòrèk.
- Sou Jan Klod, èd entènasyonal la te vin pi plis, men antouray Prezidan an detounen selon kèk sous 80% nan èd sa a pou enterè pèsònèl.

Konsa, Ayiti antre nan ekonomi liberal la. Sa te kreye yon santiman peyi a vin pi bon. Te gen pi plis aktivite, men peyizan kite lakay yo pou vini lavil, paske se la yo te gen espwa jwenn yon alemye. Ak liberalizasyon ekonomi peyi a, te genyen yon jefò bay yon lòt imaj sou politik Gouvènman an tou, kòm kwa te genyen pi plis libète nan peyi a.

- Nou siyale mouvman Jan Klodis la (*le Jean Claudisme*), Gouvènman t ap gaye nan tout peyi a. Li bay imaj yon volonte devlopman anfavè pèp la. Men, an reyalyte, se kontwole yo t ap kontwole mouvman sosyal ak politik nan mitan popilasyon an pi rès.

Se nan kad sa a, bò lane 1980, yon malè frappe peyi a : Yo fè konnen kochon pa nou yo te gen yon maladi ki soti nan peyi Lafrik. Pès pòsòn afriken an antre peyi a sòti nan Repiblik Dominiken an. Men, se pa tout kochon yo ki pran l. Gouvènman Jan Klod Divalye a fè touye tout kochon abitan peyi d Ayiti a. Gen lòt peyi, tankou Dominikani, kote kochon te gen menm maladi sa a, san yo pa touye tout kochon yo. Ta sanble se sou demann blan Meriken yo te fè sa, pou fè peyi a tounen restavèk pi rès. Yo kòmanse voye kochon blan ban nou. Se yo pèp la rele kochon grimèl, kochon dyòl woz. Sa vin kraze vi pèp la, ak ekonomi peyi a, plis toujou. Evènman sa yo kòmanse louvri je anpil moun.

Tout abitan, tout kote nan peyi a, ap mande pou yo voye kochon kreyòl yo, kochon dyòl long yo, tounen rantre nan peyi a. Yo fè mitin. Yo fè manifestasyon. Yo fè petisyon. Tout se te rans. Minis Finans ak Minis Agrikilti, fè konbyen mwa ap di, pa gen mwayen. Se lè yo wè abitan yo move tout bon vre, Gouvènman an bay Karitas nasyonal pèmisyon voye chèche kochon kreyòl yo, nan peyi Jamayik.

Jan Klod blije ale

Jefò pou montre peyi a sou wout demokrasi ak ouvèti pa t dire. 28 novanm 1980, rejim Divalye a fè dappiyanp sou laprès. Yo arete epi egzile anpil jounalis nan diferan radyo, tankou Radyo Ayiti Entè, Radyo Metwopòl, Radyo Kasik ak nan jounal ki rele Ti Samdi Swa.

Nan dat 8 mas 1983, Pap Jan Pòl 2 vizite peyi a, kote l di ak fòs : « *Il faut que quelque chose change dans le pays* » - « Fòk sa chanje nan peyi a, ... fòk tout kalite pòv yo reprann espere ... » Konsa Pap la te reprann espwa chanjman moun yo te montre nan okazyon Kongrè Ekaristik la Legliz la te òganize pou prepare vizit la. Nan menm epòk la tou Legliz la te pibliye plizyè dokiman sou angajman sosyal kretyen yo nan sosyete a nan non lafwa yo, sou sa demokrasi vle di, el.

Nan lane 1985, jou ki 22 jiyè, Premye Minis Roger Lafontant òganize yon referandòm pou fè moun asepte Prezidans avì anfavè Jan Klod Divalye. Men magouy la te twò klè. Radyo Solèy denonse l. Poutèt sa radyo a ap jwenn anpil pèsekisyon.

Nan dat 28 novanm 1985, lame mele ak makout touye devan je tout moun 3 elèv lekòl segondè nan Gonayiv. Jèn sa yo rele : **Jean Robert Cius**, ki gen 19 lane, **Michel Mackenson**, ki gen 12 lane, epi **Daniel Israël**. Jèn sa yo mouri nan lakou kolèj Imakile Konsepsyon nan Gonayiv, yo pa t nan manifestayon ki te nan lari a. Se li k pral dènye gout dlo ki pral fè jenès la revòlte nan tout peyi a.

Nan mwa janvyè 2007, peyi t ap viv anba yon eta de syèj, kote Gouvènman an te mete fren nan yon seri libète sivil popilasyon an genyen. Represyon di anpil. Plizyè moun mouri, tankou nan dat 8 janvyè 1986, nan vil Gonayiv, makout yo touye yon ouvriye boulanje ki rele **Dieulifet Petit**. Nan dat 28 janvyè 1986, 3 moun mouri Okap. Gen 3 lòt ankò ki mouri nan operasyon anbòchaj brasewòs nan Leyogàn.

Nan dat 7 fevriye 1986, difikilte sosyal, ekomik ak politik peyi a ansanm ak presyon entènasyonal la, fòse Jan Klod Divalye kite pouvwa pou ale nan egzil devan yon pèp ki te kanpe anfas li. Jan Klod remèt pouvwa a bay militè yo epi li kite peyi a epi l al chita kò l nan peyi Lafrans. Prezidan diktatè a t al nan egzil ak yon fòtin nan men l, yo panse yon 900.000.000 dola konsa, ki soti nan kès Leta Ayisyen. Kantite lajan sa a pi siperyè pase tout dèt peyi a te dwe deyò nan dat sa a. Malgre tout demann jistis ki fèt, yo pa janm remèt lajistis Ayiti lajan sa a. Men deklarasyon Jan Klod Divalye anvan l pati: « Mwen deside pou m fè sa pèp la mande a, remèt pouvwa a bay lame a pandan m ap swete pou yo jwenn yon solisyon rapid nan kriz peyi a ap travèse a. »

Nan dat 8 fevriye 1986, nouvo Gouvènman an lage tout prizonye politik. Men tou, nan menm epòk la, te genyen anpil zak vanjans ak règleman kont. Plis pase yon santèn tonton makout oswa patizan Divalye te viktim lè yo asasinen yo nan zak dechoukay ak jistis popilè. Manifestan yo kraze kavo Papa Dòk la, yo pran sèkèy la pou pwomennen l nan lari.

Sistèm kraze zo epi enpinite ap kontinye

Men militè yo tou pa t pran tan pou fè diktati pa yo parèt, tankou devan Fò Dimanch, 3 mwa apre Jan Klod Divalye te fin ale, kote yo tire ak zam sou yon gwo manifestasyon ki t al depoze flè nan **Fò Dimanch** pou onore tout prizonye politik ki te mouri anndan l.

Depi Divalye ale, plizyè lòt masak te fèt. Tout Gouvènman mele. Men kèk nan masak sa yo – paske te genyen pi plis toujou:

Masak **Jean Rabèl** : ant jou ki 23 ak 28 jiyè 1987, plis pase 100 peyizan mouri nan diferan manifestasyon pou yo jwenn tè pou travay ;
Masak **Riyèl Vayan**, nan premye eleksyon ki t apral fèt jou ki 29 novanm 1987 ;
Masak nan **legliz Sen Jan Bosko**, jou ki 11 septanm 1988. Se te youn nan pi gwo masak peyi a konnen ;
Masak nan **Pyat (Monwi)** : jou ki 12 mas 1990, manm lame asasinèn 11 peyizan, blese moun epi boule plizyè kay ;
Masak nan okazyon **kou d Eta** nan mwa septanm 1990 ;
Masak **Raboto** pandan kou d Eta, 22 avril 1994, lame a ansanm ak FRAPH anvayi katye a, yo asasinèn plis pase 20 moun, blese moun, detwi kay ;
Masak nan **Site Solèy** nan dat 27 desanm 1993, manm FRAPH anvayi katye Bwouklin epi touye 33 moun, blese lòt epi boule anpil kay ;
Masak **Kafou Fèy**, kote jèn lapolis la asasinèn yon 12 jèn gason ;
Operasyon **Bagdad** ant septanm 2004 ak mwa janvyè 1987 ;
Masak **Lasiri**, anvan Prezidan Aristid kite pouvwa.

Anpil moun pèdi vi yo, san yo pa janm jwenn jistis. Nou pa kab bliye **Chalo Jaklen** ki te yon monitè Misyon Alfa : li fèt nan Pòtoprens, nan lane 1954. Nan dat 19 septanm 1986 nan aswè, lapolis arete l lakay li. Yo mennen l nan pòs polis Site Solèy la. Depi jou a li pa janm tounen. Daprè anpil moun, yo touye l menm jou swa a. Madanm li te ansent. Li fè yon ti gason, li rele l Chalo, tankou papa l. Men kèk lòt viktim toujou ki pokò janm jwenn jistis :

Pè Jean Marie Vincent, SMM
Christine Jeune, yon jèn fanm polisye
Yvon Feuillet, yon depite
Mèt Yves Volel
Pastè Sylvio Claude
Mèt Mireille Durocher Bertin
Antoine ak Georges Izméry
Jean Leopold Jean Dominique, jounalis, ak **Jean Claude Louissaint**, gadyen l
Pè Ti Jean Pierre Louis.

Nan moman sa a, nan lane 2011, chak jou, pou pi piti, genyen de (2) asasina nan zòn metwopolitèn nan, men pa genyen anpil ankèt ki abouti kote viktim yo jwenn jistis,

kote koupab yo jwenn yon sanksyon selon sa lalwa peyi a mande. Sa se rèy enpinite a k ap kontinye.

Nou menm, k ap li ti dokiman sa a jodi a, 25 lane pi ta, nou pa dwe bliye, nou toujou eritye diktati a. Anpil nan sa n ap viv, soti nan sitiyaasyon sa a peyi a te viv pandan 30 lane. Anpil nan sa n ap viv mache ak fason moun refize pran reskonsablite epi tolere enpinite. Pou sa kab fèt, yo mande n manje manje bliye.

Batay kont enpinite yon fason konsekan

Ki jan nou kapab asire pou yon rejim bout di jan Divalye yo, papa ak pitit, te mete sou pye a, pa tounen nan peyi an ankò ? Youn nan repons yo se sa : Lajistis dwe konbat enpinite a, nenpòt kilès ki poze move zak la, pou montre tout moun sa vrè reskonsablite a vle di. Lè yon moun asepte reskonsablite nan yon kominote, li dwe sèvi ak li pou byen kominote a. Li dwe konnen li genyen yon devwa sakre fè peyi a sòti nan sa l ye a. Y ap mete l reskonsab pou tout abi k ap fèt sou popilasyon an. Se rezon sa ki lakòz nou dwe konnen sa peyi te viv, pou nou pa repete menm erè yo jodi a.

Enpinite ak koripsyon se pi gwo chay peyi n dwe pote, e ki fè l pa kab vanse. Apre Jan Klod Divalye kite pouvwa a, enpinite a kontinye ap taye banda. Anpil masak fèt, ansanm ak anpil asasinay. Rejim militè ak rejim demokrat t ap swiv youn apre lòt. Gouvènman Jean Bertrand Aristid ak Gouvènman René Preval pase. Men, moun kontinye ap tonbe, menm si pa gen represyon sistematik. Men enpinite a rete tennfas. ... Ki jan pou konbat li yon fason efikas? Se youn nan gwo kesyon yo si n vle chanje sitiyaasyon k ap kokobe peyi nou an.

*Dosye S. Appolon
J. Hanssens*

Yon ti degi:

Kèk mo ki itil pou konprann anpil deba k ap fèt nan tan n ap viv la

Dictature - diktati – rejim kraze zo

Yon rejim fò, ki anpil fwa soti nan vyolans, ki gen mak fabrik yo mete fren nan libete chak moun genyen (dwa sivil politik yo), yo fè represyon kont opozisyon. Rejim kraze zo yo kapab genyen kòm objektif pou gade privilèj yon elit ki nan pouvwa (lè sa y ap di li dwat), li kapab travay pou reyalize dwa sosyo-ekonomik yo (lè sa yo rele l revolisyonè. Men nan tout ka li totalitè, sa vle di tout pouvwa se yon ti kras moun ki kenbe l epi li antre nan tout domèn lavi sitwayen yo.

Populisme – popilis

Se konsa yo rele atitid otorite pou reprann sa pèp la oswa yon popilasyon vle, ak sèl objektif pou ranfòse pwòp pouvwa pa yo. Konsa, yo vle kontwole popilasyon an pi byen epi chita pouvwa yo pi plis. Popilis toujou genyen tandans diktati ladan l, paske sa otorite a chèche se pwòp enterè l.

Selon kalite revandikasyon popilè yo ak kalite otorite ki genyen, yo pale sou popilis ki adwat: popilis la dwe sèvi enterè klas boujwa a pi byen.

Popilis ki agòch: popilis la sanse reponn enterè klas popilè a.

Droite et gauche – Dwat ak gòch

Nan diferan panse sou sosyete a, an jeneral yo konsidere «dwat» sa k ap travay pou kenbe privilèj yo, olye y ap travay pou chanjman anfavè tout moun. Yo chwazi sa yo konnen, devan sa yo pa konnen. Yo plis gade pou yo pa pèdi privilèj, menm si li chita sou lenjistis.

Gòch nan kad sa a vle di: travay pou reyalize chanjman anfavè moun ki pòv yo, ki sou kote jounen jodi a.

Pawòl dwat ak goch la sòti nan tan apre revolisyon an nan peyi Lafrans, kote depite yo ki t ap defann kòz pèp la t al chita sou bò gòch nan palman an.

Démocratie – Demokrasi

Demokrasi se yon sistèm gouvènman kote se vwa pèp la ki gen plis fòs. Nan yon rejim demokratik se nan eleksyon moun pran pouvwa. Pou demokrasi a

fonksyone byen, chak lè, yo dwe respekte moman pou fè eleksyon, epitou yo dwe respekte vwa chak moun menm jan.

Pou demokrasi kapab mache byen, fòk genyen yon Leta dedwa, sa vle di: fòk tout sitwayen ak sitwayèm dakò mache anba sa lalwa peyi a mande.

Etat de droit – Eta dedwa

Se konsa yo rele yon sistèm politik kote tout moun, ni otorite, ni senp sitwayen, anba menm prensip lalwa. Yo aplike menm lalwa menm jan pou tout moun.

Pou sa kab fèt, fòk genyen bon jan seprasyon ant Pouvwa yo nan Leta, pou youn pa peze sou lòt. Pouvwa pou fè lwa (Lejislatif), Pouvwa pou mete annaplikasyon (Egzekitif), Pouvwa pou jije si yo respekte lalwa (Jidisyè).

Li bon pou n konnen :

Fòs MINUSTAH nan peyi a genyen 8.940 militè ladan l, ak 4.391 polisye entènasyonal. Total 13.331 moun ki pote zam.

Polis Nasyonal la rive nan prèske 10.000 polisye nan moman sa a. Sa vle di 1 polisye pou chak 1.000 abitan nan peyi a. Men, prèske 1.000 nan polisye sa yo pa nan lari, paske se nan administrasyon ak nan sèvis sekirite zotobre yo ye.

Anpil kote nan peyi a pa genyen fòs sekirite ditou.

Deklarasyon piblik Jilap te fè nan peyi a

Notes publiques et publications de la Commission Jouk oktòb 2011

Jilap nasyonal

Deklarasyon piblik depi mwa jen 2010

- **Se kounye a pou n aji kont zam ilegal yo.** Lendi 12 jiyè 2010. Nan okazyon kanpay IANSA pou kontwole zam yo.
- **Lèt pou Kandida pou vin Prezidan peyi a.** 12 oktòb 2010.
- **Mesaj Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan lokazyon Asanble jeneral li pou lane 2010 la.** Message de la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix à l'occasion de son Assemblée Générale de 2010. Gressier, 11 novembre 2010.
- **Eleksyon 28 novanm 2010: Vye abitud yo pa dwe kontinye. Les élections du 20 novembre 2010 : Arrêtons ces vieilles habitudes et pratiques.** 2 desanm 2010.
- **Nòt Komisyon Jistis ak Lapè sou zafè Kolera,** 23 desanm 2010.
- **Rapò obsèvasyon vyolans elektoral ki fèt ak zam nan eleksyon 2010-2011 yo, ak lèt tou louvri pou Prezidan Martelly Sou semèn mondyal pou mennen aksyon kont vyolans k ap fèt ak zam,** 13-19 jen 2011.
- **Jan Mari Vensan : 17 lane enpinite. Jean marie Voncent : 17 années d'impunité.** 26 out 2011.
- **Lèt tou louvri pou Dòktè Alex Larsen.** Sou sitiasyon nan Lopital Jeneral la. 29 out 2011.

Nan kad Fowòm sitwayen an

- **Kominike CCFC. Yo pa kab refonde Leta Ayisyen si pa genyen yon refòm total kapital Lajistis. Pas de refondation sans réforme de la Justice.** 7 septèmbr 2010.

Rapports du service juridique

- **Nòt pou laprès. Detansyon prevantiv pwolonje a pi rès 150 jou apre tranbleman tè 12 janvyè 2010 la.** 21 jen 2010.
- **Enquête sur les armes à feu en Haïti entre 1986 et 2010. Ankèt sou zam nan peyi d Ayiti sòti nan 1986 rive 2010.** Jiyè 2010.
- **Respè pou Diyite ak Dwa moun nan peyi d Ayiti. Respect pour la dignité et les droits de la personne en Haïti. Rapò sou sitiasyon vyolans ak dwa moun nan peyi**

a nan lane 2009. **Rapport sur la situation de la violence et les droits de la personne dans le pays en 2009.** Octobre 2010.

- **Bilan du service juridique pour l'année 2010.** Décembre 2010.

Autres textes et publications

- **Koze Tranbleman tè. Pou ede moun konprann sa l ye ak ki sa n kab fè.** Me 2010.
- **Vote pou Pouvwa Egzekitif la : Prezidan ak Lejislatif la, Depite ak Senatè.** Gid Edikasyon sivik pou ede moun k al vote nan eleksyon nan lane 2010. Sou 60.000 kopi.
- Komisyon Jistis ak Lapè envite kominote Legliz la ak tout moun bon volonte **pou montre Solidarite ak moun nan detansyon ak nan prizon.** Desanm 2010. (Yon bilten pou moun nan detansyon).
- GRR. **Konstitisyon 1987 la tounen yon jwèt lamayòt nan men politisyen.** Dokiman GRR # 15, out 2010.
- **Pou yon pastoral prizon djanm.** Rapò sou seminè pastoral penitansye a. 1-3 mas 2011.
- GRR. **Tranbleman tè 12 janvyè 2010, Eske n ap kite Ayiti peri ? Le séisme du 12 janvier 2010, Faut-il laisser mourir Haiti ?** Dokiman GRR # 16, jiyè 2011.
- **Desantralizasyon pou n ka genyen yon pi bon peyi.** Plan nasyonal Fòmasyon Ajan pastoral Dwa moun, nouvo seri, n. 1.
- **Anviwònman, yon kalite relasyon ak lanati.** NPNF, n. 2, jiyè 2011.
- **Rapò obsèvasyon eleksyon nan dyosèz ak departman yo, 20 mas 2011, dezyèm tou pou Prezidan, Depite ak yon Tyè nan Sena Repiblik la.** Jiyè 2011.

Jilap nasyonal nan tè anjanm ak Jilap Achipo

- **Rapò 37. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : oktòb-desanm 2010. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. Janvyè 2011.
- **Rapò 38. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : janvyè-mas 2011. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. Avril 2011.
- **Rapò 39. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : avril-juin 2011. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. Jiyè 2011.
- **Rapò 40. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : jiyè – septanm 2011. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. Oktòb 2011.

Jilap Pòtoprens

- **Sitiyasyon moun nan zòn Ti Gwav, Leyogàn, Pòtoprens ak zòn ki anviwonnen l yo apre 12 janvyè 2010.** Ankèt fèt nan mwa jen 2010 la. Septanm 2010.

- **Nòt pou laprès.** Pèp la ap viv evènman 12 janvye a, chak jou nan vi l. 15 desanm 2010.
- **Deklarasyon Komisyon Achidyosèz Jistis ak Lapè pou jounen 2zyèm tou eleksyon an.** 20 mas 2011.
- **Mesaj 17yèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens,** ki te fèt Kafòj Lilavwa 48, nan lokal Seminè Sen Chal Bowome, sòti 1^e pou rive 4 sektanm 2011. Tèm mesaj la: «**Nan verite ak respè pou Diyite tout moun, n ap travay pou rekonsilye peyi d Ayiti.**»
- **Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens nan lokazyon jounen Mondyal Lapè.** 21 sektanm 2011.

Jilap Jeremi

- **Mesaj 10zyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi,** ki te fèt nan Fwaye Kiltirèl la, sòti 23 sektanm pou rive 25 sektanm 2011 : Tèm mesaj la: «**Jistis ak Lapè ap travay pou rekonsilye peyi a nan laverite.** »

Jilap Okay

- **Mesaj 14yèm Asanble Jeneral Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Okay,** ki te fèt nan Sant DCCCH Labòb, sòti 2 sektanm pou rive 4 sektanm 2011 : Tèm mesaj la: «**Jistis ak Lapè ap travay pou rekonsilye peyi a nan laverite.** »

Jilap Okap

- **Mesaj 8yèm Asanble Jeneral Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Okap,** ki te fèt Domus Mariae, sòti 29 oktòb pou rive 1^e novanm 2010 : Tèm mesaj la : « **Leve kanpe an n defann diyite ak dwa nou tankou Ayisyen.** »
- **Note de presse, 25 août 2010.** (Protestation contre la pendaison d'un jeune dans une base de la Minustah).

Jilap Nip

- **Mesaj 2zyèm Asanble Jeneral Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Nip,** ki te fèt nan Sant Fòmasyon Madyan nan Komin Ti Rivyè, sòti 14 oktòb pou rive 17 oktòb 2010 : Tèm mesaj la : « **Nan rekonstriksyon nouvel Ayiti a ann bay diyite ak dwa moun pemye plas.** »
- **Mesaj Jilap Nip,** 21 oktòb 2010, sou ensidan nan pawas Notredam, Vijil jou ki 14 oktòb 2010.

Jilap Fò Libète

- **Mesaj 10zyèm Asanble Jeneral Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Fòlibète**, ki te fèt nan Sant Fòmasyon Jakzil, sòti 16 desanm pou rive 19 desanm 2010 : Tèm mesaj la : « **Pèp Nòdès, leve kanpe pou defann diyite ak dwa nou tankou Ayisyen**».

Jilap Gonayiv

- **Nòt pou laprès**. Nan okazyon **Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Gonayiv**, ki te fet Machan Desalin, sòti 7 pou rive 10 jiyè 2011: Tèm Asanble a : « **Jilap ap travay pou yon Ayiti rekonsilye nan laverite**. »

Jilap Pòdpè

- **Mesaj 12yèm Asanble Jeneral Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Pòdpè**, ki te fèt nan Pawas Nòtre Dam de Loud Chansòl, sòti 30 septanm pou rive 3 oktòb 2010 : Tèm mesaj la : « **Defans diyite ak dwa moun se chimen lapè** ».
- **Message à l'occasion de la fête patronale de Saint Louis du Nord**, jeudi 25 aout 2011. Sou asasina ki te fèt sou 8 jèn nan 6yèm seskyon an.

Jilap Jakmèl

- **Mesaj 4yèm Asanble jeneral Jistis ak lapè dyosèz Jakmèl te fè** sou tèm Jistis ak Lapè ap travay pou rekonsilye peyi a nan laverite, 1 septanm 2011.

Jistis ak Lapè toupatou

Jounen mondyal Lapè: 1 janvye 2012

Chak lane jou ki 1 janvye, pou legliz la se Jounen mondyal Lapè. Pou 1 janvye 2012, pap Benwa 16 te chwazi kòm tèm «Edike jèn yo pou lajistis ak pou lapè». Ak tèm sila a, legliz la vle koute jèn yo epi ede yo reyalize sa k nan enterè tout moun nan, epi montre nesosite ki genyen pou sosyete yo chita sou prensip jistis la, lapè ak respè dwa moun. Nan Jezi tout moun se yon modèl pou tè a ak inivè a vin tou nouvo (Apokalips 21, 5).

Nou sonje tèm Jounen Lapè a te genyen nan 5 lane ki sòt pase yo :

- 2006: «Nan laverite, lapè»
- 2007: «Se moun ki nannan lapè» (yon refleksyon sou diyite moun ak lapè)
- 2008: «Fanmiy nou yo, yon kominote Lapè» (sou wòl fanmi yo)
- 2009: «Konbat lamizè, konstwi lapè»
- 2010: «Si w vle bati Lapè fòk ou pwoteje lakreyasyon an»
- 2011: «Libète larelijyon se yon chimen Lapè».

***Men ki sa n te li ki kab enterese n
Nan Journal Santinèl la***

**CHANJMAN KLIMATIK: NOU TOUT KONSÈNE;
NOU PA KA KANPE GADE.**

Kontèks entènasyonal la

Depi plizyè dizèn ane, lemonn ap viv ak anpil kè sote ogmantasyon tanperati k ap fèt toupatou sou latè. Ogmantasyon tanperati sa a pwovoke yon bann gwo boulvèsman nan klima mondyal la. Chak ane, akòz chanjman klimatik

yo, kantite inondasyon, siklòn, sechrès ap ogmante nan diferan rejyon sou latè.

Kisa ki eksplike ogmantasyon tanperati sa a.

Tankou nou konnen deja, latè a anvlope ak yon gwo kouch ki gen plizyè gaz ki melanje ansanm yo rele *atmosfè*. Lè reyon solèy la travèse atmosfè a, tè a kenbe yon pati nan reyon sa yo epi li voye tounen yon lòt pati nan lespas. Pati sa a li voye retounen nan lespas la se gaz ki nan atmosfè a tankou vapè dlo, men sitou gaz kabonik ak metàn ki absòbe yo. Gaz sa yo retounen voye chalè yo ranmase a nan lespas la ankò epi menm efè a rekòmanse san fen. Se kòm si chalè a pran nan yon pyèj, li pa ka soti epi tanperati latè ap ogmante san rete. Fenomèn sa a enpòtan pou lavi kapab egziste sou latè paske, si li pa t egziste, latè t ap tounen yon boul glas kote moun pa t ap kapab viv. Men se lè kòmmanse gen twòp gaz sa yo nan atmosfè a ki vin pwovoke dezòd n ap konstate nan klima a. Se nan lane 1896, yo te rive montre plis kantite gaz kabonik la ogmante nan atmosfè a, se plis tanperati latè ap ogmante.

Ekspè k ap travay sou pwoblèm anviwonman yo kalkile ogmantasyon tanperati latè a pran yon vitès siperyè avèk gwo devlopman endistri yo nan kòmansman 18yèm syèk la. Tout devlopman ki fèt nan peryòd sa a rive jodia, chita sou yon gwo itilizasyon enèji yo pwodui apati petwòl, gaz ak chabon natirèl ki nesèsè pou te fè devlopman endistri ak transpò nan epòk la. Itilizasyon sous enèji sa yo vin ogmante, yon jan ki konsiderab, kantite gaz kabonik ki genyen nan atmosfè a. Yo estime itilizasyon sous enèji sa yo responsab apeprè 75% kantite gaz kabonik endistri ak agrikilti kapitalis la lage nan atmosfè a. Soti 1750 pou rive 2007, kantite gaz kabonik nan atmosfè a ogmante 31%. Depi fen 20yèm syèk la, konsomasyon enèji nan lemond sitèlman ogmante li fè kantite gaz kabonik nan atmosfè a ogmante 80%.

Agrikilti ak elvaj responsab tou yon pati nan kantite gaz (gaz kabonik ak metàn) ki pwovoke ogmantasyon tanperati latè. Yo estime aktivite sa yo (itilizasyon angrè ki gen azòt nan plantasyon diri, elvaj bèf ak mouton), responsab 13.5% kantite gaz ki ogmante tanperati latè. Yon lòt bò, aktivite destriksyon forè yo responsab pou 17.5% kantite gaz kabonik nan atmosfè a.

Menm si gen kèk ekspè ak biznismann ki kontinye pa kwè se aktivite kapitalis endistriyèl la ki prensipal rezon ki fè tanperati latè ap ogmante konsa, etid syantifik yo pa kite okenn dout sou sa jounen jodi a. Fason sistèm kapitalis la ap eksplwate resous natirèl yo san kontwòl, san gade dèyè a, san yo pa gen yon ti kal sousi pou jenerasyon k ap vin deye a pa ka kontinye ankò.

Chanjman klimatik yo mennen n nan yon kriz ekolojik

An jeneral, yo di gen yon kriz ekolojik lè anviwonman kote yon espès oubyen yon popilasyon ap viv pa favorab pou li kontinye viv ladan l. Kidonk, si sistèm kapitalis la kontinye eksplwate resous latè yo jan l ap fè l jodi a, nan kèk dizèn lane ankò latè kapab vin envivab. Se pou sa gen anpil rèl ki kòmanse ap fèt pou mande gwo peyi rich yo ki se prensipal reskonsab ogmantasyon tanperati latè a pou yo ta pran kèk mezi ki pou diminye pwodiksyon gaz sa yo. Nan mwa Jen 2009, 184 peyi reyini nan vil Kyoto (Japon) pou yo pwopoze yon nouvo pwotokòl sou anviwonman pou ranplase konvansyon sou klima 1992 la.

Pwotokòl sa a, menm si li pa sifi, pwopoze kèk mezi pou redui pwodiksyon gaz k ap fè latè vin pi cho yo:

- Ankouraje yon itilizasyon enèji yo ki pi efikas;
- Fè yon pi bon jesyon forè yo epi ankouraje pwogram plante plis pyebwa nan forè yo;
- Ankouraje itilizasyon lòt sous enèji ki pa soti nan petwòl, gaz ak chabon natirèl;
- Pa bay pwogram ki kontrè ak objektif pwotokòl la okenn sibvansyon.

Pi gwo peyi pwodiktè gaz sa yo se Etazini ki derefize ratifye pwotokòl Kyoto a. Paske si yo aplike mezi pwotokòl la rekòmande yo, sa ap gen gwo konsekans sou aktivite pwodiksyon endistriyèl ak agrikòl yo: ogmantasyon pri machandiz, djòb k ap pèdi epi gwo lajan y ap bezwen pou finanse transfòmasyon nan jan y ap fè pwodiksyon. Men tou, pa fè anyen ap gen konsekans ki pi grav toujou paske l ap koute pi chè pou anpeche oubyen repare dega sou plan anviwonman, ekonomik ak sosyal rechofman klima a ap pwovoke pi devan. Dapre ekspè yo, lemonn ap bezwen itilize sèlman 1% nan PIB mondyal la pou anpeche konsekans rechofman klimatik la alòske, si yo pa fè anyen, y ap bezwen ant 5% ak 20% PIB mondyal la pou anpeche oubyen repare dega sa yo pi devan.

Si se gwo peyi endistriyèl yo ki reskonsab pi fò kòz rechofman klima a, tout peyi sou latè sibi konsekans yo menm jan (inondasyon, siklòn, sechrès, elatriye). Se sa k fè tout popilasyon yo nèt oblije òganize yo, mobilize yo pou fè presyon sou Leta yo pou yo pran mezi lakay yo epi fòse peyi enperyalis yo pou limite rechofman klima a.

*Astride MALBRANCHE
Nan journal ki rele Santinèl pèp la*

Pri Nobèl Lapè 2011

SE 3 FANM KI JWENN GWO PRI NOBÈL SILA A NAN LANE 2011. MEN NON YO :

ELLEN JOHNSON SIRLEAF, KI PREZIDAN PEYI LIBERYA. SE PREMYE PREZIDAN YO CHWAZI NAN ELEKSYON DEMOKRATIK NAN PEYI LIBERIA. KÒM DEFANSÈ DWA MOUN, LI T AP FÈ KAMPAY KONT VYÒL OSWA KADEJAK GASON AP FÈ SOU MEDAM YO ; AN MENM LI TE PRAN POZISYON FÈM KONT REJIM BOUT DI A KI TE LA ANVAN.

LEYMAH GBOWEE, K AP LITE NAN PEYI LIBERYA. LEYMAH GBOWEE AP VIV NAN MENM PEYI LIBERIA. LI SE PREMYE FANM ARAB POU JWENN PRI SILA A. LI T AP FÈ KANPAY ANFAVÈ DEMOKRASI A EPI LI RESKONSAB YON ÒGANIZASYON KI RELE : « FANM PEYI LIBERIA AKSYON MAS LE POU LAPE »

KAMAN SE YON FANM ARAB, LI GEN 32 LANE, K AP VIV NAN PEYI YEMÈN. LI GEN 3 TIMOUN. NAN LANE 2005 LI TE FONDE EPI LI MANM NAN YON GWOUPE DWA MOUN KI RELE “JOURNALIS FANM SAN CHÈN”. YO TE WÈ DETÈMINASYON L NAN KONBAT REJIM BOUT DI A NAN PEYI L.

Komisyon Jistis ak Lapè

40 lane

nan sèvis Diyite

ak Dwa Moun

Justice et Paix

*40 ans au service de la Lutte pour la Dignité
et les Droits des Personnes en Haïti*

Depuis 40 ans, le travail de la Commission, une nouvelle initiative à l'intérieur de l'Eglise après le Concile Vatican 2, a commencé de façon informelle en Haïti, comme simple groupe de réflexion de prêtres et de laïcs, avec des liens à travers le pays. Mgr Emmanuel Constant a soutenu la Commission depuis ce début.

Petit à petit, le travail s'est affirmé.

En 1985, la Commission a été reconnue par la CEH.

L'année après un secrétariat national a été ouverte aux Champs de Mars.

En 1995, la Commission a obtenu de la CEH le Statut de
« Institution de Droit public de l'Eglise catholique ».